

## WANCINIPUN NGLIMBANG KANGGE NEMTOKAKEN CALON PEMIMPIN

Dening: Mukhlisin Purnomo

الْحَمْدُ لِلَّهِ. الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرَنَا بِإِدَاءِ الْأَمَانَةِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ ذُو الْمَعْفِرَةِ وَالرَّحْمَةِ. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَحَبِيبَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ صَاحِبَ الرِّسَالَةِ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ. اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ. أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُكُمْ أَنْ تُؤَدُّوا الْأَمَانَاتِ إِلَى أَهْلِهَا وَإِذَا حَكَمْتُمْ بَيْنَ النَّاسِ أَنْ تَحْكُمُوا بِالْعَدْلِ إِنَّ اللَّهَ نِعِمَّا يَعِظُكُمْ بِهِ إِنَّ اللَّهَ كَانَ سَمِيعًا ۝ بَصِيرًا

### **Jamaah Jum'at rahimakumullah**

Mboten dangu malih masyarakat Indonesia badhe nglampahi pesta demokrasi wonten ing dinten Rebo Legi, tanggal 14 Februari 2024. Wonten ing Pemilu, kita saged nemtokaken sinten ingkang pantes dados pemimpin (presiden/wakil presiden, utawi wakil ing lembaga legislatif (DPR-RI/DPR-D/DPD). Nalika kita hadir wonten ing bilik pencoblosan lan milih calon pemimpin tertamtu, tegesipun kita sampun dados saksi (*syahadah*) bilih calon pemimpin kita panci pantes nglenggahi dados pemimpin negari.

Perkawis punika murugaken bilih tiyang ingkang milih pemimpin namung adedhasar sogok utawi besei (*money politic*) ingkang sampun katampi hukumipun haram, jalaran sampun kersa maringi paseksen goroh utawi palsu. Allah sampun paring dhawuh:

وَالَّذِينَ لَا يَشْهَدُونَ الزُّورَ وَإِذَا مَرُّوا بِاللَّغْوِ مَرُّوا كِرَامًا

*Lan kang ora padha gelem nek seni utawa nunggoni gegorohan. Lan manawa padha mlaku bebarengan barang nglaha, padha mlaku sumingkir sarana jatmika, tansah becik tindak-tanduke. (Q.S. Al-Furqan: 72)*

Wondene tiyang ingkang boten kersa ngginakaken hak pilih utawi *golput* ugi sanes pilihan ingkang patitis. Malah kagolong nyingidaken paseksen (*Kitman as-Syahadah*), punapa malih kita mangertosi bilih saking sakathahing calon methi kemawon wonten salah satunggaling calon ingkang saged lan pantes dados pemimpin miturut pemanggih kita. Nalika kita milih sayektos kita nembe ngersaya tanggungjawab dhateng para calon pemimpin kasebut kangge nglampahaken pagesangan sesarengan.

Sahingga, wonten ing wanci kampanye samangke kedahipun masyarakat saged nglimbang lan mbiji sehingga saged mangertosi kualitas lan kabisan calon pemimpin ingkang badhe kapilih. Salajengipun, punapa mawon kriteria calon pemimpin ingkang kaanggap mumpuni lan pantes kapilih dening Masyarakat? Miturut pamanggihipun Imam Mawardi ing Kitab *al-Ahkam as-Sulthaniyah*, bilih calon pemimpin punika syaratipun wonten 7, inggih punika

1. 'Adalah, utawi adil tegesipun mboten nate tumindak maksiat utawi dosa alit punapadene ageng, kadosta korupsi, nyikara, tumindak dhalim dhateng rakyat lan sapanunggalanipun. Cekak aosipun 'adalah punika saged dipun wastani integritas. Tiyang ingkang mimpin negari kita kedah tiyang ingkang anggadhahi integritas ingkang pinitados supados saged dumugekaken dhateng kemangenganing bangsa.
2. Nggadhahi ilmu lan pamawas ingkang wiyar kangge damel paugeran lan ijtihad ing babagan pamarintahan ingkang dumados. Ing Jaman globalisasi samangke, peran pemimpin kangge ngadhepi tantangan geopolitik lan geoekonomi global wigaos sanget. Pamawas ingkang wiyar minangka kunci lan strategi ingkang patitis kangge ngadhepi tantangan ingkang mawerni-werni kanthi langkung aris lan wicaksana, sarta ngukuhaken peran negari ing laladan manca negari.

Abdu Razaq Ahmad Sanhuri, dalam kitab *Fiqhul Khilāfati wa Tatawwuruha Li Tasbihi 'ashbati Umami Asy Syarqiyah*, dhawuh:

يَسْتَلْزِمُ أَغْلِيَّةَ الْفُقَهَاءِ أَنْ يَكُونَ الْخَلِيفَةُ عَلَى دَرَجَةٍ كَبِيرَةٍ مِنَ الْعِلْمِ، فَلَا يَكْفِي أَنْ يَكُونَ عَالِمًا،  
بَلْ يَجِبُ أَنْ يَبْلُغَ مَرْتَبَةَ الْإِجْتِهَادِ فِي الْأَصُولِ وَالْفُرُوعِ عَلَى السَّوَاءِ

Para fuqaha manganggep yen pemimpin iku kudu andarbeki ilmu kang duwur. Ora cukup dadi wong pinter, ananging kudu ndarebeki derajat ijtihad ing masalah mazhab asal (*usul*) lan cabang (*furu'*) sacara seimbang.

3. Pancadriyanipun sehat; sae punika pamidhanget, paningal, lan sanes-sanesipun.
4. Badhan utawi raganipun sehat, boten nggadhahi penyakit utawi cacat ingkang saged ngalangi anggenipun ngurus pamarintahan
5. Nggadhahi pamikiran ingkang majeng kangge mujudaken kamaslahataning rakyat. Tumraping bangsa Indonesia kedah nggadhahi pemimpin ingkang visioner kangge mujudaken negari ingkang majeng ing tahun 2045. Kedah kiat ngadhepi sakathahing tantangan kadosta, kasenjangan ekonomi, katimpangan sosial, karisakan lingkungan, lan kaamanan nasional.
6. Kedah kendel lan wantun jagi rakyat[un saking serangan musuh. Awis, Pemimpin ingkang kiat kedah saged jamin stabilitas lan santosaning negari. Sosok pemimpin ingkang kiat lan kendel sagaed nrampungni tantangan kaamanan internal punapa saking jaban rangkah. Allah swt sampun paring dhawuh

قَالَتْ إِحْدَاهُمَا يَا أَبَتِ اسْتَأْجِرْهُ إِنَّ خَيْرَ مَنِ اسْتَأْجَرْتَ الْقَوِيُّ الْأَمِينُ

Salah sawijining bocah wadon loro mau matur marang Ramane: "Dhuh Rama! mugi tiyang anem punika panjenengan paringi pendamelan dados pangen menda kita, jalaran sae-saening tiyang ingkang panjenengan paring pendamelan punika, tiyang ingkang kiyat tur kenging pinitados (QS. Al-Qasas : 26)

7. Saking katurunan Suku Quraisy. Menawi kita kepingin miih pemimpin kedah saking suku Quraish tamtu kemawon boten wonten. Ananging kita saged mendhet saking pemimpin ingkang gadhahi kapribaden kados suku Quraish, Kita mangertos bilih

suku Quraish, suku ingkang kreatif, jujur, nggadahi etos kerja ingkang sae, tur kendel. Negari kita estu betahaken pemimpin ingkang anggadhahi kapribadhen kasebat.

### ***Jamaah Jum'at ingkang minulya***

Babagan milih pemimpin sanes perkawis ingkang gampil, boten namung saderma nyoblos tanda gambar calon pemimpin ing bilik pilihan lajeng kondur malih. Ananngig pemilih kedah lantip, prelu nglimbang lan menggalihaken rumiyen saderengipun milih. Pemilih kedah permati nelusuri latar belakang, rekam jejak, lan maneka warni program ingkang dipun aturaken. Kita kedah mangertosi bilih pemimpin ingkang badhe kita coblos punika saged, amanah, mboten mentingaken pribdhipun piyambak, kerja berjuang kangge kamajenganing negara lan bangsa.

Perkawis menika wigatos sanget dipun lampahi supados boten klentu anggenipun milih, sehinga satemah boten keduwung getun. Amargi, pilihan pemilih dinten punika badhe nemtokaken nasib bangsa kita ing limang tahun ingkang badhe dhateng. Punapa murugaken dhateng kamaslahatan masyarakat, utawi malah kosok wangsulipun ngrisak sendi-sendi pagesangan ing masyarakat. Kedah dipun engeti bilih babagan milih pemimpin punika boten namung urusan duniawi, ananging wonten tanggul jawabipun ngantos benjing ing dinten qiyamat.

بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيْمِ، وَنَفَعَنِيْ وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِنْ آيَةٍ وَذِكْرِ الْحَكِيْمِ وَتَقَبَّلَ اللهُ مِنَّا وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ وَإِنَّهُ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ، وَأَقُوْلُ قَوْلِيْ هَذَا فَاسْتَغْفِرُ اللهُ الْعَظِيْمَ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُوْرُ الرَّحِيْمُ

## KHUTBAH II

الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ  
وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الدَّاعِي إِلَى رِضْوَانِهِ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ  
وَأَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا

أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ وَأَنْتَهُوَ عَمَّا نَهَى وَعَلَّمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرُكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَنَتَى  
بِمَلَأَ بَيْتَهُ بِقُدْسِهِ وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا  
تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَنْبِيَائِكَ وَرُسُلِكَ  
وَمَلَائِكَتِكَ الْمُقَرَّبِينَ وَارْضَ اللَّهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرُ وَعُثْمَانُ وَعَلِيٌّ وَعَنْ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ  
وَالتَّابِعِينَ وَتَابِعِي التَّابِعِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانِ الْيَوْمِ الدِّينِ وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ  
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ اللَّهُمَّ اعِزِّ الْإِسْلَامَ  
وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ وَأَنْصُرْ عِبَادَكَ الْمُوَحَّدِيَّةَ وَأَنْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاحْذِلْ مَنْ حَذَلَ  
الْمُسْلِمِينَ وَ دَمَّرَ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَأَعْلِ كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ  
وَسُوءَ الْفِتْنَةِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ عَنْ بَلَدِنَا إِنْدُونِيسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا  
رَبَّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِنْ لَمْ  
تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ. عِبَادَ اللَّهِ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى  
عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعْمِهِ يَزِدْكُمْ  
وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ